

Dat

Chè paran, responsab, elèv yo fèk admèt nan lekòl segondè :

Edikasyon sante qui anseye elèv pran bonjan desizyon pèmèt elèv bay pi bon rannman lekòl ak nan lavi. Pou ranfòse edikasyon sou sante elèv yo resevwa, kou sou prevansyon viris ki atake sistèm iminintè moun (VIH/SIDA) Depatman Edikasyon Vil Nouyòk *New York City Department of Education* (NYCDOE) mande pou gen yon Pwogram ki mete kapòt adispozisyon elèv *Condom Availability Program* (CAP) nan lekòl segondè leta ki ka ede ranfòse desizyon elèv pran nan kou edikasyon sante ak andeyò lekòl la. Dapre lwa Eta a, grasa CAP, elèv nan klas 9yèm jiska 12yèm ane ka mande estaf lekòl la ki la pou sa kapòt gratis, enfòmasyon medikal presi, ak rekòmandasyon pou doktè.

Kòm paran oswa responsab, ou ka mande lekòl la pou li **pa** bay pitit (adolesan) ou kapòt. Dapre Seksyon 2504 Lwa Sante piblik, ou pap kapab mande sa si pitit ou a 1) gen laj 18 ane oswa plis ; 2) marye oswa te marye ; 3) gen pitit, ak/oswa gen dwa dapre lalwa pou bay konsantman pou tèt li.

Pou mande pou yo pa bay pitit ou kapòt dapre nan pwogram CAP la, ou dwe ekri m yon lèt kote ou mete:

- Tout non elèv la okonplè
- Klas elèv la ap fè
- Nimewo idantifikasyon elèv la (Sonje: *Si w pa gen enfòmasyon sa a, nou ka jwenn li pou ou*)
- Deklarasyon sa a : "Mwen mande pou nou pa bay _____ (Tout non elèv la okonplè) kapòt nan apwogram CAP la."
- Siyati w kòm paran, responsab

Si w chanje lide w epi ou deside ke pitit ou a ka mande kapòt gratis, ou ka voye yon lèt ba mwen nenpòt lè pandan ane lekòl la. Manm byen fòme pèsònèl CAP la pran angajman pou asire konfidansyalite vi prive tout elèv, elèv sa yo tou ki pa patisipe nan pwogram lan.

Nou ankouraje w pou gen konvèsasyon lakay ou osijè sante seksyèl ak lòt kesyon sante pou pi byen kore chwa pou jenn jan w/jenn fi w fè pou l rete an sante. Mèsi poutèt ou kolabore avèk nou pou ede fè elèv Vil Nouyòk santi yo respekte, an sante, ak gen posiblite pou briye.

Avèk senserite,

Direktè